

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Ou dwe respekte toulèwa kondisyon pi ba yo pou ou kalifye pou yon twazyèm dòz vaksen COVID-19:

- + Ou gen 12 lène oswa pi plis.
- + Ou te resevwa de dòz swa vaksen Pfizer swa vaksen Moderna sa gen omwen 28 jou.
- + Ou gen yon maladi oubyen ou ap fè yon trètman ki febli sistèm defans kò ou. Kèk nan kondisyon ak trètman yo ka gen ladan yo:
 - Ap resevwa trètman kounye a pou kansè, (tankou chimyoterapi)
 - Te sibi yon grèf ògan epi kounye a ki nan terapi iminosipresiv
 - Ap resevwa kounye a trètman ki gen ladan l gwo dòz kòtikostewoyid (≥ 20 mg prednisone oubyen parèy li) oubyen ki ap pran medikaman ki febli sistèm kò ou
 - Te sibi yon grèf selil souch nan de dènye lène sa yo
 - Gen yon VIH ki nan estad avanse oubyen ki pa trete
 - Gen yon lòt kòz ki modere oswa ki agrave iminodefisyans moun nan (sendwòm jenetik yo)



Pou plis enfòmasyon, ale sou nychealthandhospitals.org/covid-19-vaccines oubyen eskane kòd QR la.